

Paspò pou pwogram New Worlds Reading nan



4èm ane – 5èm ane

Byenveni vwayajè/vwayajèz!



Paspò sa a, se pou:

Yon paspò se yon dokiman ki gide w, soti nan yon peyi pou ale nan yon lòt peyi, pandan w ap vwayaje. Paspò sa a fèt pou ede w LI pandan w ap vwayaje toupatou nan mond lan...

Chak mwa vin amize w:

- make kote ou vwayaje yo avèk yon otokolan pou paspò;
- eveye imajinasyon w sou mond lan;
- jwenn nouvo fason pou entèraji avèk liv ou li yo.

Pa kite amizman an kanpe la. Pwolonje vwayaj la pi lwen ke paspò a!

- Eksplore aktivite yo epi pataje yo ak lòt moun.
- Vizite poukонт ou... prete yon liv nan bibliyotèk la.
- Chèche yon kat jewografik sou entènèt, epi jwenn foto chak destinasyon yo.

Kenbe paspò sa a tou pare, epi prepare w pou vwayaje nan yon nouvo peyi chak mwa!

Fè valiz ou, epi pare w pou w vwayaje toupatou nan mond lan atravè lekti!

Men kèk nan bagay w ap bezwen pou w prepare w pou w vwayaje atravè lekti!

Yon kote ki konfòtab: Li pi fasil pou ou li lè ou byen alèz.



Moman trankil: Lekti a pi amizan lè pa gen anyen ki pou devye atansyon w.



Kiryozite: Poze kesyon epi note "lide k ap pase nan tèt ou yo". Panse etabli koneksyon ant sa w konnen deja ak liv w ap li yo.



Yon konpayon vwayaj: Pataje liv ou yo ak sa w ap li a ak lòt moun. Poze yo kesyon oswa pataje pati ou pi renmen yo.



Jounal vwayaj atravè lekti

Anvan ou vwayaje atravè yon nouvo liv, panse ak kote ou te déjà ale yo.

Pèsonaj ou pi renmen:

Kote ki pi enteresan:

Liv ki gen pi bon enfòmasyon:

Liv ki gen pi bèl kouvèti:

Liv ki fè m ri byen fò:

Liv ki pi enteresan:

Bagay ki pi enpòtan ki pou genyen nan nenpòt liv, se:



1. Jamaica
2. Colombia
3. Brazil
4. Madagascar
5. Egypt
6. Saudi Arabia
7. Ukraine
8. Japan
9. Indonesia



Oktòb

Ki kote: twazyèm pi gwo zile nan 700 zile ki genyen nan Karayib la, ki sitiye tou jis nan sid Kiba

Lang: anglè ak patwa jamayiken

Sa w dwe wè: kanaval Jamayik

Bèt: al chèche wè "zwazo dokte" a, yon kolibri ki gen de (2) ke.

Jamaica (Jamayik) gen anpil pèsonaj, menm jan ak pèsonaj ki nan dènye liv ou te li a. Pandan w ap jwi son ak imaj Jamaica (Jamayik) yo, pran yon kreyon ak papye epi reflechi sou pèsonaj liv ou pi renmen an, epi reponn kesyon sa yo:

Fè deskripsiyon oswa desine pèsonaj la:

Ki pèsonalite l? Kijan ou ta dekri trè karakteristik pèsonaj la?


Ki pwovèb li pi renmen?

Ki manje li pi renmen?

Si se te ou ki te otè a, kijan ou t ap chanje pèsonaj la?

Jamaica

Jamaica (Jamayik) se kote rege, eska ak dancehall te pran nesans. Lè w fin goute enpe poul pike, pare w pou ou danse epi amize w nan kanaval Jamaica (Jamayik) la! Kanaval se yon selebrasyon ki dire yon semèn e ki gen fèt, parad ak konsè.



Novanm

Ki kote: Liy ekwatè a travèse li, Amerik Disid

Lang prensipal: panyòl

Sa w dwe wè: Gold Museum

Bogotá a gen plis pase 34 000 pyès lò, gen kèk ladan yo ki genyen plis pase 2 500 ane!

Bèt yo: chèche yon kapibara, pi gwo wonjè nan mond lan!



Colombia

Mòn, dezè, plaj ak forè twopikal: Colombia (Kolonbi) gen tout! Men, anplis lanati, gen anpil lòt bagay pou w dekouvrir isit la. Vizite kapital la ki se vil Bogota a, pou ou viv istwa ak kilti rich li a. Konplete tout sa a ak yon vizit nan Gold Museum (Mize Lò a).

Anpalan de lò, èske ou ta bay dènye liv ou te li a yon zetwal lò oswa èske li ta ka bezwen pi rafine? Bay liv ou a zetwal li merite, epi ekri yon kòmantè kritik sou li. Di mond lan poukisa ou te renmen liv la oswa kisa ou ta fè pou rann li ekstrawòdinè.





Kounye a, li lè pou ou monte nan yon avyon, epi pou vole nan direksyon sid kote w ap travèse Lanmè Karayib la, epi ateri yon kote ki eksepsyonèl!

Desanm

Ki kote: peyi ki pi gwo nan

Amerik Disid la, kote basen

Larivè Amazòn nan ye

Lang prensipal: pòtigè

Sa w dwe wè: chitdlo Iguazu
yo

Bèt yo: Chèche parese lan an,
jagwa sounwa ak dofen ra
rivyè Amazòn nan.

Brazil (Brezil) se yon kote ki gen anpil divèsite. Imajine si istwa
nan dènye liv ou te li a te pase nan peyi Brazil (Brezil). Kijan
chanjman nan anviwònman an ta modifye istwa a?

Reyekri sèn ou pi renmen nan liv la, men chanje
anviwònman an:



Kounye a, li lè pou ou vole travèse Oseyan Atlantik la. Pwochen destinasyon w lan
gen plis forè pou eksploré, men li pa gen menm kantite dlo a.

Brazil

Gen anviwon 400 milya
pyebwa nan basen Rivyè
Amazòn nan ak 10% nan
espès bêt nan mond lan.

Brezil se yon kote ki gen peyizaj
sovaj! Eksploré Iguazu Falls, yon chitdlo
ekstrawòdinè ki mezire plis pase 200
pye nan wotè ak 1,25 mil nan lajè
(1 mil = 1,61 kilomèt).



Janvye

Ki kote: yon zile nan kòt sidès
Afrik la

Lang prensipal: malagasi,
fransè

Sa w dwe wè: pye bawobab
ak ôkide sovaj

Bèt yo: lemi kata, agranman,
ay-ay ak fosa.

Madagascar

Pifò nan plant ak bêt yo
jwenn nan Madagascar
(Madagaska) pa egziste

okenn lòt kote nan mond
lan! Chèche pyebwa
bawobab la ki viv lontan!
Pafwa yo rele yo pyebwa
tèt anba, paske branch yo
sanble ak rasin ki monte
soti anba tè!



Se pa tout mo ki pa gen parèy. Yo rele mo ki vle di menm bagay ak
yon lòt mo *sinonim*. Trase yon liy pou montre sinonim chak mo ki
kolorye nan kadriyaj la!

kokenchenn	gran	jwaye	kontan	eksite
jeyan	gwo	laj	byennere/ byennerèz	anchante
prese	zuit	piti	ti	dezole
vit	rapid	piti	parese	tris
trapde	mòlòkòy	lan	tris	dekouraje

parèse, **tris:** dezoile, egri, dekourajé, **byennere/byennerèz:** jwaye, anchante, kontan, eksite

Repons **yo:gwo:** kokenchenn, gran, jeyan, laj, prese, trapde, rapid, lan; **vit:** rapid, lan; **tris:** mòlòkòy,

Eske w te remake kék nan mo ki kolorye yo se opoze oswa antonim? Ki antonim
ou jwenn?

Repons: gwo/piti, rapid/lan, tris/kontan

Kote sa a vreman ekstrawòdinè, fantastik, enkwayab e grandyozi!

Kounye a, li lè pou ou ale nan nò, nan yon kote ki gen yon gran istwa.

Fevriye

Ki kote: Afrik Dinò


Lang: arab

Sa w dwe wè: esfenks lan ak Piramid Giza, youn nan sèt (7) mèvèy nan mond lan

Bèt yo: votou ejipsyen, kwokodil Nil ak yèn a rèl

Rivyè Nil lan, se sant kilti Egypt (Ejip) depi plis pase 5 000 an. Ansyen Ejipsyen yo te envante papye ak ekriti. Epitou, yo te kontribye nan matematik, medsin, agrikilti ak atizay. Yon vizit an Egypt (Ejip) fè w viv Listwa!

Ansyen Ejipsyen yo te itilize yon ekriti ki baze sou imaj ki rele yewoglis, pou pataje istwa yo. Itilize pwòp imaj pa w pou ou rakonte yon sèn ki soti nan dènye liv ou te li a. Ou lib pou chanje fen an, men asire w ke ou montre lòd evènman yo!



95% Egypt (Ejip) se dezè. Tè a sèk epi li gen anpil sab. Pwochen peyi ki nan toune nou an sèk tou, men gen yon pati ki gen mòn!

Egypt



Mas


Ki kote: Iwès Egypt (Ejip)

Lang: arab

Sa w dwe wè: vil pò istorik Jeddah

Bèt yo: Chamo yo se yon fòm transpò enpòtan nan dezè a. Se yon kote ou ka jwenn blewo ak chat sovaj yo rele karakal.

Ou ka pa panse ak naje lè w aprann pifò Saudi Arabia (Arabi Sawoudit) se dezè. Men, lè w mete mask plonjè w la epi ou gade anba dlo a, w ap wè resif koray ak anpil pwason twopikal!



Saudi Arabia (Arabi Sawoudit) montre yon lòt vizaj lè w gade anba dlo a. Lè w chanje pèspektiv ou (fason ou wè bagay yo), sa ba w nouveau enfòmasyon ak eksperyans, ansanm ak yon nouveau fason pou ou wè sitiyasyon yo. Reflechi sou dènye liv fiksyon ou te li a, epi reponn kesyon sa yo sou yon lòt fèy papye:

- Ki pèspektiv pèsonaj prensipal la genyen nan dènye liv ou te li a?
- Èske otè a vle ou panse yon sèten fason sou sijè a? Kisa ki fè w ka di sa?
- Nan ki fason ou dakò oswa ou pa dakò ak pèspektiv pèsonaj prensipal la genyen sou pwoblèm prensipal la nan istwa a?
- Kijan ilistrasyon yo ak atizay kouvèti a chanje oswa amelyore pèspektiv ou?
- Kijan liv la ta chanje si otè a te ajoute lòt pèspektiv nan istwa a?

Kounye a, li lè pou seche kò w epi kite dlo twopikal yo. Monte nan yon avyon epi pran direksyon nò pou ale nan pwochen destinasyon w lan.

Saudi Arabia

Avril

Ki kote: Iwès Ewòp sou Lanmè Nwa a

Lang: ikrenyen

Sa w dwe wè: Mize Pysanka, pou ou wè plis pase 10 000 ze ki dekore ak tenti.

Bèt yo: èmin, elan ak chwèt etab k ap monte desann nan rakbwa yo

Agrikilti fè yo rekonèt Ukraine (Ikrèn) kòm grenye Lewòp.

Epitou yo rekonèt peyi a pou tradisyon pisanki li a.

Pysanky (pisanki) yo se ze ki dekore ak lasi myèl epi tenti. Yo se yon senbòl espwa. Yo kreye yo e pataje yo chak sezon prentan.



Ukraine

Liv, menm jan ak peyi, kapab difisil pou ou eksplike nan kèk mo sèlman. Si w ta dwe pale ak yon zanmi de liv sa a nan kèk fraz sèlman, kisa w ta di? Itilize kesyon sa yo kòm yon gid pou ede w rezime dènye liv ou te li a.



- Ki lide santral istwa a?
- Eksplike kisa ki te pase nan kòmansman, nan mitan ak nan fen istwa a.
- Ki moun ki pèsonaj prensipal yo epi kisa y ap eseye reyalize?
- Ki pwoblèm oswa ki konfli ki genyen, epi kijan yo rezoud li?
- Ki evènman ki pi empòtan ki fè istwa a avanse?

Ou pare pou vwayaje? Li lè pou ou travèse kontinan Azi a, pou ale nan direksyon Oseyan Pasifik la.

Me

Ki kote: peyi zile sou bò lès tè prensipal Azi nan Oseyan Pasifik la


Lang prensipal: japonè

Sa w dwe wè: peyizaj la lè w sou tèt Tokyo Tower!

Bèt yo: makak nèj, gri Japon ak sèf sika

Japon gen plis pase 14 000 zile. Li se yon peyi

ki gen tradisyon ansyen tankou samouray ak seremoni te. Japon modèn nan pataje kilti li atravè mond lan, e li gen ladan bagay tankou souchi, manga, anime ak mizik j-pòp!



Japon ka enspire anpil konvèrsasyon!

Èske dènye liv ou te li a fè w anvi kòmanse pale tou? Imajine yon konvèrsasyon sou sa w ap li a, epi ekri l sou yon fèy papye. Men, anvan ou kòmanse ekri, reponn kesyon sa yo:

- Ak kiyès w ap pale?
- Poukisa ou vle palede liv sa a avèk li/yo?
- Kisa ou vle li/yo konnen sou liv sa a?
- Kijan ou pral kòmanse konvèrsasyon an?
- Ki kalite kesyon ou panse li/yo pral poze?

Pandan w ap reflechi sou repons kesyon sa yo, al ekri yon konvèrsasyon ou imajine!

Kounye a, li lè pou ou vwayaje nan sid atravè Lanmè Filipin la, pou w ale nan pwochen destinasyon nou an ki se yon zile. Gen yon sèl destinasyon ki rete nan toune sa a atravè mond lan!

Japan

Jen

Ki kote: zile ant Oseyan Endyen ak Oseyan Pasifik, nan nò Ostrali

Lang: endonezyen

Sa w dwe wè: pak nasyonal Tanjung Puting pou ou al wè oranwoutan yo!

Bèt yo: Chèche wè dragon Komodo, tig Simatra ak elefan Azi yo.

Menm jan ak mo Indonesia (Endonezi) a, anpil mo anglè yo itilize chak jou fèt ak pati mo ki gen siyifikasyon espesifik.

Prefiks - vini nan kòmansman mo a

Prefiks	Siyifikasyon
tele	byen lwen, a distans
mini	ti

Eske w ka konbine prefiks ak sifiks sa yo pou fè mo ak siyifikasyon sa yo?

- Yon aparèy ki voye siyal a distans pou pèmèt oswa chanje fonksyònman yon lòt aparèy.
- Yon gwoup mizikal ki pa gen anpil moun.

Ki lòt mo ou ka kreye ak prefiks ak sifiks sa yo?



Fè valiz ou yon dènye fwa. Vizit rapid ou a rive nan fen li. Ou pral fè yon vwayaj 16 èdtan nan avyon pou retounen lakay ou.

Indonesia

Non Indonesia (Endonezi) a soti nan de (2) mo Indos ak nesos ki vle di "Zile Endyen". Gen ANPIL zile pou ou vizite! Gen kèk zile ki gen gwo vil, oswa vòlkan ki aktif, oswa bèl plaj, oswa bèt sovaj ekstrawòdinè. Indonesia (Endonezi) gen anpil kote enteresan!



Sifiks - vini nan fen mo a

Sifiks	Siyifikasyon
kòmand	<ul style="list-style-type: none"> Yon fason pou bay yon enstriksyon Yon fason pou fè yon acha
djaz	òkès

Repons: telekommand, minidjaz

Repons: televizyon, minivan

Bon retou!

Nèf mwa vwayaj ak nouvo eksperyans ap chanje yon moun! Reflechi sou mwa lekti ak vwayaj ou yo epi pataje twa (3) nan pi gwo siksè w, kit li gen rapò ak vwayaj kit li pa gen rapò!



- _____
- _____
- _____

Ki pwochen bagay ou vle fè oswa wè?

Eksploratè/eksploratris nan mond bêt yo

Te gen anpil bêt nan vwayaj sa a. Èske ou ka fè chak bêt koresponn ak kote li viv la?

1. èmin 	2. kapibara 	3. lemi kata 
Ki kote: _____	Ki kote: _____	Ki kote: _____
4. dragon Komodo 	5. parese 	6. zwazo doktè 
Ki kote: _____	Ki kote: _____	Ki kote: _____
7. chamo 	8. gri Japon 	9. votou ejipsyen 
Ki kote: _____	Ki kote: _____	Ki kote: _____

9. Votou ejipsyen / Egypt (Ejip)
 7. chamo / Saudi Arabia (Arabi Sawoudi) **8. gri Japon / Japan**
 5. parese / Brazil (Brazil) **6. zwazo doktè / Jamalica (Jamaïk)**
 3. lemi kata / Madagascar (Madagascar) **4. Dragon komodo / Indonesia**
Responses: 1. èmin / Ukraine (Ikeren) 2. Kapibara / Colombia (Kolombi)





new
worlds }
reading }



778220